लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यीशु, महान गुरु



लेखक: Edward Hughes

व्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

Alastair Paterson

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



यीशु एगो महान गुरु रहलन - अबतक क सबसे अच्छा गुरु। भीड़ उनकर बात सुनल। यीशु ओ सबके कृपालु, अच्छा अउर दयालु बने के सिखवलन।



दूसर लोग उनसे नफरत
करीहें अउर चोट पहुंचइहें,
परन्तु परमेश्वर उन सब
क रखवाली करीहें।



यीशु बहुत कुछ सिखवलन। उ कहलन कि जइसे मोमबत्ती एगो घर के रोशनी प्रदान करे ला वइसे ही परमेश्वर क लोग भी जगत क ज्योति हउवन। एगो मोमबत्ती अनहरिया कमरा में का फर्क पैदा कर सके ला?

लोग कहे लें, "आंख की बदले आँख अउर
दाँत की बदले दाँत" परन्तु यीशु दया, क्षमा,
प्रेम ईहाँ तक
की शत्रु से भी
प्रेम करे के
सिखवलें।




'यीशु मसीह की दिन में, कुछ लोग बहुत
पवित्र होखला क ढ़ोंग करत रहलनें। जब
उ लोग भिखारी लोग के पइसा देवें तब, उ
लोग तुरही बजवावें ताकि सब लोग उनके
देंखे। यीशु कहलन, "आपन दान गुप्त
में दिहल करिहअ, तब परमेश्वर
तोहके प्रतिफल
दिहन।"

यीशु, प्रार्थना की बारे में भी अइसने सिखवलन। कुछ लोग व्यस्त सड़क की कोना पर प्रार्थना करत रहलें ताकि सब केहु देखे अउर ओ लोगन के सुन सके। ओ सब के परमेश्वर की बारे में परवाह ना रहल। उनकी बारे में दूसर लोग का सोचत बाने, केवल ओकरी बारे में ही परवाह रहल। यीशु उन सबके कपटी – अउर झूठा अगुवा बतवलें।



यीशु अक्सर अपनी उपदेशन क व्याख्या करे खातिर प्रकृति क उदहारण दिहल करत रहलन। उदाहरण की खातिर, उ पक्षियन की ओर इशारा कइलन। उ कहलन,"तोहन लोगन क स्वर्गीय पिता उन सब के खियावे लें" "चिंता मत करीं जा, परमेश्वर तोहन लोगन के भी खियाइहन।"



यीशु सीखावल जारी रखलें, "ईहां तक कि अमीर राजा सुलैमान भी अपनी सब वैभव में ओ में से कवनो सोसनन की समान कपड़ा ना पहिनले रहलन।"



"यदि परमेश्वर मैदान की घास के अइसन बस्त्र पहिना सकत बाड़न, त का उ आप लोगन के ना पहनईहन?" यीशु लोगन के परमेश्वर पर सब जरूरतन की खातिर पूरा बिस्वास अउर भरोसा करे के सिखावत रहलन।



यीशु कहलन, "जब तू
अपनी भाई क न्याय करे
लअ, तब अइसन होला
कि तू अपनी भाई की
आँख क तिनका
निकाले क कोशिस
करे लअ जबकि
अपनी ही अपनी
आँख क लठ्ठा
ना लउकेला।"
लोग उनकरी पर
कुड़कुड़इलें। लेकिन
उन सबके एकरी
मतलब की बारे में
सोचे के पड़ल।





यीशु सिखवलन
कि मदद की खातिर
लोगन के परमेश्वर से
बिनती करे के चाहीं।
जब भूखल लइका
रोटी मांगे लें तब का
सांसारिक पिता उनके
पत्थर दे लें? नाहीं! उ
उनके बढियां वस्तु ही
देलें। त परमेश्वर भी
अपनी मांगे वालन के
बढ़ियाँ चीज़ ही
देलन।



यीशु, महान गुरु, झूठा शिक्षकन की बारे में चेतावनी दिहलन। यीशु कहलन, "उ सब भेड़ की पोशाक में आवे लें" "लेकिन अंदर से उ लोग भेड़िया हउवें!" उ कहलन कि झूठे शिक्षकन क पहचान उनकरा जीवन शैली से ही प्रगट हो जायी।


यीशु उन सबके एगो कहानी की माध्यम से बतवलन की,
परमेश्वर की वचन क पालन कइल ओ आदमी की सामान बा
जे आपन घर एगो चट्टान
पर बनावल। एगो भयानक
तूफान आईल। अउर जब उ
समाप्त हो गोइल, तव भी
घर दृढ़ता से खड़ा रहल।

लेकिन एगो मूर्ख आदमी बालू पर आपन घर बनवलस।
अउर जब तूफान एकरी खिलाफ उठल तब उ अपनी कमजोर नीव की कारन गिरके ढेर हो गोइल। यीशु कहलन, परमेश्वर की वचनन क आज्ञा पालन ना करे वाला लोग ओ आदमी की तरह होलन।



यीशु क शब्द सुनके भीड़ हैरान रहल। उ पहिले एइसन बात कभी ना सुनले रहलन। अब उ जाने खातिर कि केवल परमेश्वर क वचनन के सुनल ही पर्याप्त ना हअ। हर एक दिन उनकर पालन कईल भी अनिवार्य हअ।



# यीशु, महान गुरु

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती 5-7, लूका 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16